

Premye Pa



DEKLARASYON DWA MOUN KI VIKTIM

Ou Gen Yen Dwa pou:

- An sekirite epi yo pa abize ou
- Pou fache akòz abi yo fè ou
- Change sitiyasyon-an
- Jwenn lalibète anba laperèz oswa abi
- Mande epi espere jwenn èd nan men lapolis ak biwo sèvis sosyal
- Pataje santiman epi pa rete lwen lòt moun
- Vle yon pi bon ekzanz komunikasyon pou oumenm ak pou timoun yo
- Jwenn respè epi pou yo trete ou tankou granmoun
- Lese zòn kote yap fè ou abi-a
- Gen lavi prive
- Pale de panse ou ak santiman ou
- Devlope abilite ou ak don bondye ba ou
- Trennen legalman moun kap abize w la devan tribinal
- Ka fè erè epi pa gen yen pou tankou lapèfeksyon

(Sa-a sòti nan: *Victimology: Yon Jounal Entènasyonal*. Vol. 2, No. 3-4, 1977-78, p. 550.)



MEN SA KI NAN TILIV SA-A

Paj Sijè

- 1 Avètisman
- 3 Konprann Abi
- 5 Kalite Abi
- 7 Peryòd Vyolans Domestik
- 10 Jwenn Dekolaj
- 11 Jan Lasante Afekte
- 13 Abizè yo
- 13 Moun ki Viktim Abi
- 15 Abi nan Relasyon Omoseksyèl ak Lesbyèn
- 15 Jan Timoun yo Afekte
- 17 Poukisa Vikctim yo Rete
- 19 Chwa ak Altènativ
- 21 Kilè Wap Santi Ou Mye
- 21 Lalwa Eta Florid Ede Viktim
- 22 Fè Plan Sekirite Ou
- 31 Resous
- 31 Sant pou Sèvis kont Vyolans Domestik
- 32 Telefòn-Emèjennsi Gratis ticheri
- 33 Sant Sètifye kont Vyolans Domestik nan Florid
- 36 Kote sou Entènèt

PREMYE PA









AVÈTISMAN

Bi ti liv sa-a se pou pale ou osijè abi. Li ba ou tou kèk resous avèk kèk lide sou sa ou kapab fè si patnè ou ape fè ou abi.

Ti liv sa-a dedikase pou tout moun ki viktим abi. Moun saa yo konprann avantou ki pwalou laperèz ak dfikilte sa ye pou ape viv nan yon kay kote kè ou ap sote. Yo konprann ki jan sa ye lè pre-wokipasyon nimewo en yo se sekirite pèsонèl yo ak sekirite pitit yo.

Ti liv sa posib gras a yon lajan nan Fon Prevansyon Vyolans nan Lafanmi bay Kowalisyon Kont Vyolans Domestik nan Florid. Depatman Lasante nan Florid se yon patnè nan pwojè sa-a. Bi depanse lajan sa-a se pou ede diminye epi prevni abi avèk vyolans domestik. Dezyèm bi li se pou bay moun ki victim abi asistans.

Depatman Lasante nan Florid rekonèt ke vyolans domestik se yon gwo kesyon pou swen lasante. Li afekte lasante avèk sekirite fanmi yo. Moun ki victim vyolans domestik ale lopital uit fwa pi souvan ke moun ke yo pa janmen abize. Estatistik montre tou ke 2 nan 3 fanm ki jwenn swen medikal anjeneral yo se fanm ki victim abi. Avèk tristès, laplipa viktим yo (92%) ke patnè yo abize yo fizikman yo pa pale osijè abi-a. Yo pa menm pale osijè de sa avèk doktè ke yo gen yen oubyen enfimyè yo.

Depatman Lasante Florid konsène osijè oumenm ak sekirite fanmi ou. Pou rezon sa-a, nap mete ti liv sa-a disponib pou oumenm lakay doktè ou, enfimyè ou, depatman lasante, sant lasante kominotè oubyen lòt kote ke ou kapab ap chèche èd. Nou vle ede ou jwenn lapè ak sekirite ke oumenm oumenm ak pitit ou merite.

Nou konprann kouman li difisil pou pale osijè pwoblèm sa-a. Li espesyalman difisil pou diskite li si patnè ou te di ou yon bagay mal ka rive ou si ou di nenpòt ki moun. Nou konnen se pou nou kenbe sitiyasyon-an ansekrè. Se pou nou ede ou kenbe li yon sekrè pou ke patnè ou pa rive konnen ke ou pale sou sa.

Espwa nou sè ke lè ou va li ti liv sa-a, ou va konprann ke abi



parèt diferan pou chak gress moun. Abi ke wap resevwa kapab pa sanble tèlman mal ke sa nou fè pòtre la-a nan ti liv sa-a. Sonje ke ti liv sa-a bay yon lis tout kalite abi posib. Pa gen yen pèson moun ki gen yen tout bagay ke nou mete sou lis sa-a ki rive yo.

Ou pa pou kont ou. Ou merite pou yo trete ou avèk respè e jantiyès. Nou la pou nou ede ou. Nou vle ke ou konnen ke si yon moun ap fè ou mal fizikman oswa seksyèlman sa se yon krim. Sa se yon krim menm si li sa fèt nan kote prive nan pwòp lakay ou.



KONPREYANSYON ABI

Si yon ansyen patnè oswa youn kounye-a apfè ou mal, alò ou se viktim vyolans domestik. Li reyèlman difisil pou anpil nan nou gade tèt nou epi kwè yon moun ki renmen nou apfè nou abi.

Kisa yo rele vyolans domestik? Vyolans domestik rive lè yon moun fè nenpòt bagay ki nesesè pou li gen pouvwa ak kontwòl sou patnè li. Sa ka rive nenpòt moun, e sa rive vre. Pa bezwen konnen si ou rich oswa pòv, kote wap viv, si ou konnen li oswa si ou avèg. Pa bezwen konnen ki laj ou, ras ou, kilti ou oswa nan ki reliyon ou ye. Sa rive nan relasyon mal ak femèl epi tou avèk patnè ki gen menm sèks.

Ki ès ki se patnè kap fè abi? Abizè kapab se ansyen mouche, madanm, mennaj oswa youn ke ou gen yen kounye-a. Yo kapab tou se papa oubyen manman pitit ou oswa yon moun ke ou te plase avèk li. Abizè se kapab tou patnè omoseksyèl oubyen lesbyèn.

Anviwon 60% gason ki abize fanm se moun ki gen pwoblèm tou avèk tafya epi dwòg. Alkòl ak dwòg pa lakòz moun fè abi, men sa kapab rann abi-a rive pi souvan epi rann sa vin pi mal. Plizyè fwa patnè ou ka di ou li fè ou mal paske li te bwè twòp. Li va di ou ke li te pèdi kontwòl. Sa-a pa OK. PA gen yen ekskiz pou li te fè ou abi. Sa-a pa bon. Ou pa te fè aryen pou merite pran kout baton sa-a yo.

Sa ki parèt etranj, souvan abizè se moun ki emab, ki gen cham epi ki amizan. Anjeneral abi patnè ou fè sou ou lòt moun pa wè yo. Se la yon lòt rezon ou kapab pa di pèsonn moun, paske ou pa panse moun sa-a yo ap kwè ou.

Ki ès ki viktim abi? Nenpòt moun kapab victim abi domestik. Viktim va “pran swen” epi eseye “resoud” pwoblèm lòt moun. Souvan yo va eseye pote sekou bay lèzòt ki nan lavi di oswa ki gen yen yon lavi timoun difisil. Byen ke sa kapab parèt etranj,



patnè yo pran avantaj sou do yo, kontwole yo, epi fè yo abi pafwa. Si sa sanble ka pa ou, ebyen ou se yon viktим vyolans domestik.

Kijan patnè ou kontwole ou? Patnè ou kapab eseye kontwole jan ou aji, akisa pou sanble, kote ou ale, epi sa wap fè. Jou apre jou, li kapab difisil pou wè kontrwòl ki ape fèt sou ou. Moun ki anvi-wonnen kapab di ou ke ou pa konpòte ou tankou oumenm. Yo kapab wè ke gen yon bagay ki pa sa. Tout sa ke ou konnen sèke ou sou tansyon. Ou pa kontan ak tèt ou. Ou kapab santi ke wap mache sou pennga ou poupa pile si ou te konnen. Ou santi ou san èd epi depye ou “mare.”

Ou ka panse ke abi-a pa tèlman move. Poutan nenpòt kalite abi pa bon. Yo fè ou abi si kè ou sote lè li fè bri oswa voye bagay menm si li pa janmen touché ou. Yo fè ou abi si li ape rele sou ou, rele ou move non oswa fè ou gen sèks avèk li lè ou pa vle.

Ou dwe sonje sa ke ou se yon bon moun epi yon moun solid. Sa se pa fòt ou. Ou pa poukont ou.

ILi enpòtan pou ou pou aprann otan ke ou kapab osijè sa ki ape pase ya. Epi ou kapab pran desizyon entelijan osijè de sa ke ou bezwen fè pou ede tèt pa ou. Toujou konnen ke gen yen bagay ou kapab fè epi gen yen moun nan kominate-a ki ka ede ou.

Sa ekspè yo konnen sè ke anpil nan “abi” yo vin pi mal avèk letan. Souvan yo fè fanm piplis abi ke yo fè gason. Anreyalite, **75% fwa nan letan, viktим nan se yon fanm ki resevwa abi nan men gason.** Pou sa ki konsène ti liv sa-a, nou va pale de abizè-a kòm yon gason epi de fanm nan kòm yon viktим. Men, gen fanm tou ki abize gason, fanm ki abize lòt fanm, epi gason ki abize lòt gason.

Abi rive pi souvan lè fanm nan ansent. Youn nan plizyè rezon pou sa sè ke patnè kap fè abi-a vin jalou de ti bebe-a epi li vin jalou tou avèk pakèt atansyon wap bay ti bebe ou kap grandi andedan vant ou.



Vyolans domestik rive pi souvan ankò ke ou ka panse. Piplis kout telefòn ke lapolis resewa nan men fanm se kout telefòn pou rapòte yon zak vyolans domestik. Nan Eta Florid, yon fanm mouri anba men patnè li chak twa jou. Anviwon youn sou chak de fanm rapòte ke patnè yo abize yo omwen yon fwa nan lavi yo.

Èske Liva Sispenn Abize Mwen? Li trè ra pou yon abizè sispenn fè viktim li mal san ke li pa resewa èd ki kòrèk la. Petèt ke li pap sispann jiska se ke yo arête li oubyen yo mete li nan prizon. Jiska seke sa va rive, li pa kwè ke li ape fè aryen ki pa bon. Meyè chans ke li gen yen pou sispann fè abi se si yo arête li epi jij la pase li lòd pou li antre epi pou li konplete yon pwogram tretman espesyal. Yo rele pwogram sa-a “Pwogram Entèvansyon pou moun kap Bat moun.” Sa pran lontan pou yon abizè aprann kouman pou li janti avèk patnè li epi trete li avèk respè.


KALITE ABI

Vyolans domestik kapab gen yen ladan li atak fizik tankou frape, kout pye, pouse, etrangle, kout kouto, choute, grafonyen, mòde, oubyen fese ou atè. Men, gen plizyè lòt fason ke abizè fè viktim yo mal. Meyè fason pou nou montre ou diferan kalite abi se pou ta fè yon gade nan Pouwva ak kontwòl Volan-an.

Andedan bawo volan-an ou va wè jiskandedan ke yon patnè kapab kontwole oubyen fè ou mal. Kalite abi yo andedan volan-an se tankou pwazon kamoufle abi. Yo kenbe ou nan lakòl. Nan lakòl avèk menas sa li di ou li va fè ou si ou di nenpòt moun oswa ou eseye pati. Byen souvan li “kraze moral ou” lontan anvan ke li “kraze ou ak baton.” Patnè ou tounen tankou yon ekspè nan konnen pi “bon” fason pou fè ou mal. Li aprann kouman pou li fè ou pi move abi. Se kapab pa nan fè ou mal fizikman.



POUVWA AVÈK KONTWÒL VOLAN-AN





Anpil viktim di nou ke pi move abi yo sonje se abi emosyonèl avèk abi vèbal. Yo di nou sa se kalite abi kifann ande kè yo ak bon nanm yo. Sa domaje santiman vale pèsonèl yo. Moun ki ta sipoze renmen yo epi pwoteje yo se li menm kap fè yo abi. Viktim yo di ke souvan avèk letan, yo vin soule anba abi emosyonèl ak abi fizik. Se sèl fason yo kapab viv avèk li. Menm la ankò, yo santi souvan ke yap pèdi tèt yo.

Andeyò POUVWA AK KONTWÒL VOLAN-AN kanpe pou vyolans seksyèl ak vyolans fizik. Anpil victim di nou ke yo soufri anba toulè de abi sa-a yo abi seksyèl avèk abi fizik. Anjeneral abi seksyèl koumanse bonè nan relasyon yo. Byen souvan fanm ki soufri anba abi seksyèl konn twò timid pou yo pala de sa. Abi seksyèl-la se kapab fòse ou gade cinema sou sèks ke ou pa alèz pou wap gade. Abi seksyèl se lè yo fòse ou fè sèks lè ke ou pa vle oswa fòse ou kouche avèk lòt moun. Sa vle di ke ou dwe fè debagay ke ou pa vle fè. Li enpòtan pou sonje ke anpil victim abi soufri tou anba kèk kalite abi sèksyèl.

PERYÒD VYOLANS DOMESTIK

Li Pa Move Tou Tan. Prèske tou tan patnè ou reyèlman janti. Abi yo ale vini. Gen yen twa diferan etap ki rive pandan period abi-a. Tout etap sa-a yo tounen anron tankou yon sèk. Refize admèt sitiyasyon-an rive nan chap etap. Sa pèmèt sèk-la kontinye woule. Pwobableman vyolans-la pa prale rete poukont li.

Refize admèt se fè tankou pate gen yen abi reyèlman. **Rezone** se bay ekskiz pou moun kap fè ou abi-a oubyen blame tèt ou. **Minimize** se fè tankou abi-a pa tèlman move ke li ye reyèlman. Tout oswa nenpèt nan fason sa-a yo se konsa nou aprann viv avèk abi.


Lè yo abize ou pandan lontan, ou kòmanse pa panse ke se konsa lavi ye. Ou panse ke se fòt ou epi ou pa kapab fè aryen avèk



sa. Lè ou toujou ap panse kouman pou debouye ou pou gen lavi, ou pa gen tan pou “santi santiman ou.” Ou kapab pa kapab santi laperèz ak soufrans ou santi nan lavi ou. Tout venn kò ou kapab vini paralize anba doulè fizik pou kapab jwenn lavi anba kout baton yo.

Anjeneral etap yo vin pi kout epi pi kout epi avèk letan abi yo vin pi mal. Ou kapab pa fè eksperyans etap sa yo ke yo ekri la-a. Se konsa abi rive pi souvan. Ou gen yen dwa jwenn ke ou pa fè eksperyans tout etap yo.

Peryòd Vyolans





ETAP 1: MONTE-TANSYON

Premye etap-la se monte-tansyon. Sa rive lè presyon-an kòmanse monte epi vin demal anpi. Abizè-a kapab kòmanse vin demovèz imè epi difisil pou satisfèl nan aryen. Li di ou ke ou pa kapab fè aryen ki kòrèk.

Alòske sa ape vin pi mal, li kapab anpeche ou wè oswa pale avèk lòt moun. Li kapab rele epi di bagay lèd, ba ou move non, bwè oswa itilize dwòg. Li kapab menase ou epi detwi bagay nan kay-la oubyen bagay ki espesyal pou ou.

Pandan tan sa-a, wap eseye fè li plezi epi kenbe li kalm. Ou fè tout sa ke ou konnen ou kapab pou ka gen lapè. Ou kenbe timo-un yo trankil, fè manje ke li pi renmen, kenbe kay-la pwòp, oubyen kèlke swa bagay ou bezwen pou fè-a.

Ou esye fè lojik avèk li , men sa pa mache. Li sanble li vin pi fache. Si li itilize dwòg oswa li bwè tafya, li fache pi vit, epi anjeneral sa vin pi mal. Ou santi tankou se nan yon chodyè-otomatik ke ou ye ki pral eksplode nenpòt kilè.

ETAP 2: EVÈNMAN ABIZIF

Evènman abizif-la vini apre monte tansyon. Se lè yon move bagay rive. Li kapab se abi vèbal, emosyonèl, fizik oubyen seksyèl. Li kapab kritike ou oubyen fè ou parèt tankou estipid anfas lòt moun. Li fese ou atè epi li pa vle lage ou. Li di ou ke li prale touye tèt li. Li pa vle ou soti nan chanm ou oswa kite kay-la. Li fòse ou kouche avèk li. Li trangle ou, frape ou, mòde ou, oubyen fè ou mal yon fason kèlkonk.

Pandan lè sa-a anjeneral ou eseye pwoteje tèt ou nenpòt fason ke ou kapab. Ou rele fò epi ou antre nan batay. Ou rele lapolis oswa ou eseye kraze rak. Anpil viktim di nou ke yo konnen lè sa pral rive paske yo kapab wè li nan “fason kale zye li.” Yo di nou yo konnen parapò fason li pale oswa fason li aji.



Pafwa ou kapab di yon bagay ki deklenche evènman abizif-la. Men ou PA JANMEN LAKOZ abi-a. Ou fè sa pou “ka fini ak sa” paske sa pral rive ankò detout fason. Epi apre ou santi ou koupab paske ou panse, “se oumenm ki fè li fè sa.” Sa se yon rezon ki fè ke ou jwenn ekskiz pou movèz konduit fè abi. Ou panse ke se fòt ou. Sa se Pa fòt ou.

ETAP 3: KALM

Kalm se etap lè li aji tankou mouche ou te rankontre-an epi nou te tonbe damou. Li kalm epi li gen cham. Li bay kado. Li di ou ke li regrett. Li di ou ke li pa kapab viv san oumenm. Li di ou ke li konnen ke li gen yen yon pwoblèm. Li di ou ke li prale chèche konsèy oswa li prale legliz. Li di ou ke li pap janmen abize ankò. Li kriye. Li vle fè lanmou avèk ou. Li vle rekonsilye avèk ou.

Ou ka pa gen yen timoman trankilite sa-a. Si ou gen yen li, li ka disparèt apre yon titan. Ou santi ou soulaje paske ou konnen sa SE reyèlman moun ou renmen-an. Ou di nan kè ou ke moun ou renmen-an pap janmen fè ou mal. Ou vle aksèpte ekskiz li. Ou vle kwè pwomès li tout bon paske ou renmen li.

Tout sa ke ou vle se pou malfezans yo fini. Pwomès sa-a yo difisil pou pa kwè yo. Sa se paske kounye-a yo baou sa ke ou te vle toutan—yon moun pou renmen ou epi yon moun ki enterese a oumenm.

Ou vle kwè ke li reyèlman chanje fwa sa-a. Li enpòtan pou sonje ke li fè ou mal déjà. Sepandan, ou di tèt ou ke pat gen “abi-a” vrèman paske li janti avèk ou kounye-a. Sa se konfizyon total. Pafwa ou gen dwa santi se tankou wap pèdi tèt ou.

JWENN DEKOLAJ

Li trè difisil pou kwè ke yap abize ou. Pafwa se pou tann jiska seke anpil bagay rive ou pou reyalize ke yap fè ou abi.



Se kapab yon lòt moun ki wè yon bagay anvan ke ou kwè li. Yo wè zye ou anfle. Yo konnen ke li ape rele ou nan travay ou toutan. Yo konnen ke ou rive nan travay anreta souvan. Y o wè ke ou pa fini fè travay ou. Yo di ou ke yo wè bagay sa-a yo.

Oubyen, pwofesè ptit ou di ou ke timoun nan pap travay byen lekòl-la. Li ontijan sovaj avèk lòt timoun yo. Ou remake ke menm lè ou prepare manje ke patnè ou pi renmen, li kontinye ape rele sou ou epi lap fè ou abi.

Ou pa vle kwè toujou ke li ap fè ou abi. Epi ou frape pye ou atè epi ou di ou pa kapab kontinye ap viv yon sèl jou anplis avèk abi sa-a yo.

Menm si sa fè pè epi parèt difisil, pale avèk yon moun ou kapab fè konfyans. Sa se Premye Pa pou jwenn èd pou ou ak ptit ou yo. Sa se Premye Pa pou jwenn lalibète.

Yon fwa ke ou anfas avèk reyalite, ou ka kòmanse fè chanj-man nan lavi ou. Yon fwa ke ou ka tandé epi santi santiman ou, ou ka kòmanse poze pyon. Ou paka tann li, avèk lespwa ke li va chanje. Tankou nou te di anvan, sèl jan la vin mye se lè la va jwenn tretman pou pwoblèm li.

JAN LASANTE AFEKTE

Anpil bagay rive nan kò ou pandan yap fè ou abi epi apre yo fè ou abi. Gen aksidan ki rive lè gen yen abi fizik. Domaj sa-a yo ka gen ladan yo:

- boul
- brile
- zye anfle
- mòde
- blese
- desounen
- rale cheve
- kout kouto
- grafonyen
- blese avèk yon zam
- zo kase



Gen yen anpil pwoblèm lasante ou kapab gen yen ki soti nan presyon abi ke ou pran. Pwoblèm sa-a yo ka gen ladan yo tèt fè mal, depresyon, oswa ou santi fatig toutan. Ou ka pran maladi seksyèl enfektyez, pwoblèm manke apeti oubyen yon gwo vant ke ou pa te vle.

Ou ka fè eksperyans lòt kondisyon ki ka gen ladan li:

- Atritis
- Depresyon
- Doulè senti toutan
- Manje twòp
- Enfeksyon nan vesi
- Dezòd kè sote
- Dekontwòlman apre presyon
- Endijesyon, dyare oswa konstipasyon
- Kou fè mal ak do fèmal toutan
- Pwoblèm nan zye
- San monte
- Difikilte dòmi
- Ilsè
- Toutan gripe/anrime

Sa ki ka rive lè ou ansent:

- Pa manje byen
- Pèdisyon
- Ptit fèt tou mouri
- San swen pou moun ansent
- Kou oswa bouskilad nan vant
- Manke swen kòm moun ansent
- Enfeksyon
- Ptit fèt anvan lè
- Ape senyen

Kòm ou ka wè, ou ka malad tout bon lè ke wap viv anba abi. Enfimyè ou, doktè ou, depatman lasante ak sant kominotè lasante konprann sa ki abi epi yo la pou yo ede ou. Yo kapab ede ou avèk pwoblèm lasante ou. Yo kapab ede ou tou ale jwenn ekzateman moun ki kapab ede ou fè fas avèk abi wap sipòte yo.



ABIZÈ YO

- Anjeneral se yon gason
- Grandi nan yon fanmi kote yo bat oswa maltrete fanm
- Move fasilman. . . an kòlè
- Aji tankou li se sèl moun ki konnen tout bagay
- Li deprime, men sèl moun ki ka wè oswa konnen sa se viktim nan
- Vle fason pali toutan epi li vle li ‘kounye-a’
- Fè yon pakèt pwomès pou jou demen yo sepandan li pa kenbe yo
- Jalou. Akize dam nan ap bali zoklo oubyen lap fè lòt gason ‘zye dou’
- Ekszijan epi renmen pase lòd
- Di ke li pral touye tèt li oswa lipral touye dam nan
- Blame tout lòt moun pou fè abi
- Li kwè ke se devwa li pou li fè dam nan mache drèt, kèlke swa kondisyon an
- Li kwè ke li gen dwa pou li fè dam nan fè sa ke li mande
- Laperèz li pi fò ke lanmou ak respè pou dam nan, se pousta ke abi-a kontinye epi vin pi mal

VIKTIM YO

- Femèl
- Se yon moun emab, ki enterese pou pote sekou, repara, ede, epi pran swen lòt moun
- Lamwatye nan fanm ke yap fè abi te viv kòm timoun nan yon kay kote ki te gen abi



- Gen ti kal konsiderasyon pou tèt li epi santi li pa vo aryen
- Kwè ke li pa kapab fè pibyen oubyen li pa kapab pran swen pwòp tèt li
- Santi li san fòs epi li san espwa
- Pakapab pran yon senp ti desizyon san ke li pa mande èd yon lòt moun
- Deprime
- Itilize dwòg oswa alkòl
- Malad anpil
- Pa kwè oswa fè lòt moun konfyans
- Nève, pa kapab lache kò li
- Pa manje oswa dòmi trè byen
- Eseye kenbe kay-la trankil pou misye pa vin anraje epi fè li mal
- Aksepte blam pou abi yo

Manmzèl kwè ke:

1. Se pa fòt li ki fè li mande anraje
2. Yon gason se chef epi li se tèt kay-la
3. Pa gen lòt moun ki vle li kòm fanm
4. Bon moman yo egal move moman yo
5. Petèt li va chanje yon lòt fwa. Li renmen misye tout bon.
6. Timoun yo bezwen yon papa
7. Misye vrèman renmen li epi se pat entansyon li poul fèl mal
8. Pa gen moun kap viv ansanm ki vrèman ere. Si yo parèt konsa, yap manti oswa yap blofe
9. Se mwen ki lakòz li aji konsa
10. Se devwa mwen kòm fanm poum rete avèk li.



ABI NAN RELASYON OMOSEKSYÈL AVÈK LESBYÈN

Vyolans domestik, avèk ladan lis ou fèk li la-a, sa rive osi souvan nan relasyon moun ki gen menm sèks ke li rive nan relasyon ant fanm ak gason. Se pa rezon ki fè ke yo abize ou. Anplis de lòt kalite abi, patnè ou kapab menase pou li di lòt moun ou se omoseksyèl oswa ou se lesbyèn. Li espesyalman difisil pou sòti nan sa si ou santi ou kwense paske ou se omoseksyèl oswa lesbyèn. Sa vin ajoute sou chay abi ke wap pran nan men patnè ou.

EFÈ SOU TIMOUN YO

Plis ke mwatye gason kap fè fanm abi yo fè timoun kap viv nan kay-la abi tou. Tout timoun kap viv nan yon kay kote abi ap fèt timoun sa-a yo fè eksperyans abi emosyonèl.

Timoun yo konnen sak ap pase, menm si ou panse yo pa konnen. Yo wè li, yo tandé li, yo santi li epi yo konprann li. Gen timoun ki pa janmen wè li men yo konnen ke li la. Yo ka viktim nan chèche pwoteje ou. Yo kapab fè aksidan paske yon bagay moun voye vin frape yo.

Timoun konnen kiès pou yo pè la kay yo. Yo pè moun kap fè abi-a. Yo dwe rete “bò kote” moun kap fè abi-a pou yo ka jwenn sekirite. Timoun yo kapab aji tankou moun kap fè abi-a. Yo kapab aji tankou yo renmen li piplis pase ou. Sonje ke timoun sa-a yo aji konsa akoz laperèz, menm si se pwòp papa yo. Yo va fè tout sa ke yo kapab pou fè li plezi.

Timoun ki viv nan yon kay kote yap fè abi timoun sa-a yo gen pwoblèm pou grandi. Gen timoun ki gen pi gwo pwoblèm ke lòt.

Siy Mantal:

- Depresyon
- Manke apresye tèt li
- Kapon
- Fache



- Nève
- Kèk zanmi
- Santi li koupab osijè abi
- Pa fè lòt moun konfyans

Siy Fizik:

- | | |
|-------------------------|----------------------|
| • Tèt fè mal | • Pwooblèm manje |
| • Fatige, pwooblèm dòmi | • Pwooblèm nan lekòl |
| • Kochma | • Pipi nan kabann |
| • Di avèk lòt moun | • Itilize Alkòl/dwòg |

Ti gason yo ka frape manman yo epi lè yo vin gran yo ka bat fanm tou. Ti fi yo pi sanble yo ka fè depresyon.

Menm jan avèk timoun kap grandi epi ki aprann byen ak mal, yo aprann piplis bagay nan men moun ki pipre yo, anjeneral paran yo.

Timoun ki leve kote yap fè abi ka kwè:

- Abi se yon bagay nòmal
- Granmoun chanje fason yo trete lòt moun. Pafwa yo janti epi pafwa yo mechan.
- Fanm ak gason PA egal
- Li OK pou fè yon moun abi lè ou fache oswa pou jwenn sa ou vle-a
- Mande sa ke ou vle kapab danjere
- Sa timoun bezwen pa enpòtan
- Moun ke ou renmen va fè ou abi



Si yap fè ou abi, pi bon bagay ouka fè pou timoun yo se pou onèt avèk yo. Pale avèk yo osijè abi-a. Refij pou vyolans domestik gen yen souvan konseye ak pwogram espesyal ki ede timoun yo pale osijè abi epi fè fas avèk abi.

POUKISA VIKTIM YO RETE

Laperèz. Laperèz se yon reyalite pou moun kise viktим abi. Si ou rete, ou pa konnen kisa kap vin apre. Kouri kapab danjere pou ou, pou pitit ou ak nenpòt moun kap ede ou. Si ou kraze rak, ou pa konnen kisa ou pral fè oubyen kote pou ale. Ou ka pè wap poukont ou. Ou pa konnen kote patnè ou ye epi kisa lap fè.

Sa li vle se pou li kontwole ou. Pa konsekan si ou eseye kite li, byen souvan lap vin pi mechan epi pi danjere. Li di pawòl tankou: “Si ou kite mwen map fann fwa ou”...”Map bay fanmi ou pwoblèm”...”Map peze kou zannimo ou gen lakay-la”...”Map pran timoun yo nan men ou pou lavi diran”. Li fè lòt menas efreyan ankò. Ou konnen li kapab fè bagay sa-a yo. Ou konnen konbyen li ka mechan lè li fache. Epi, ou kwè ke lap jwenn ou kèlke swa distans ou ale oswa ou kache.

Legliz. Kèk pastè, monpè oswa rabi di ou ke ou paka kite li paske se lavolonte Bon Dye, menm si lap fè ou abi. Yo di ou se pou fè tout sa patnè ou mande pou fè paske si li ki se “tèt nan kay-la.” Se li “kap dirije” ou. Yo di ou ke la Bib di se pou obei li.

Pwomès. Patnè ou tris epi li di ou li regrès li fè ou abi. Li pwomèt ke lap sispann. Li di ke li pap janmen fè ou abi ankò. Ou te tèlman bezwen tandem sa, ke ou vin kwè li.

Izolman. Ou santi ou tèlman poukont ou ke ou pa panse ou gen okenn kote ou kapab ansekirite oswa ou kapab jwenn èd. Patnè ou fè ou koupe kontak ak fanmi ak zanmi. Ou pa gen dwa pou ap pale oswa pou avèk fanmi ou. Si ou fè sa, pwoblèm ou vin obmante.



Patnè ou kapab deplase ou ak timoun yo nan yon lòt vil oswa eta, yon kote ke ou pa konnen pèson moun. Fason sa-a li kapab kontwole ou pibyen kontwole kimoun ou wè epi moun wap pale. Ou ka gen yen yon sèl oto poul ka kontwole kote ou ye epi konbyen tan ke ou ka rete.

Sa Nòmal. Ou kwè ke abi-a nòmal. Lè ou te timoun ou grandi nan yon kay kote yap fè abi. Si ou te grandi nan yon fanmi ansante ak kè kontan, li ka kontwole ou sifizamman lontan ke sa vin nòmal. Li lave sèvo ou oswa li jwe jwèt entelijans pou ka vin kwè ke tèt ou pa anplas. Ou pa kwè ke ou gen yen lòt chwa ke viv fason sa-a.

Lawonte. Ou santi ou imilye epi ou wont. Li trè difisil pou di nen-pòt moun ke moun ki sipoze renmen ou moun sa-a ap fè ou abi.

Se fòt ou. Ou kwè ke patnè ou malad eke li bezwen èd. Ou kwè ke travay ou se pou ede li. Ou santi ke ou echwe si ou kase sa. Ou kwè ke se travay fanm nan pou kenbe fanmi-an ak maryaj la ansanm. Ou kwè ke ou fè yon bagay ki pa kòrèk oswa mal si li fè ou abi. Li blame ou pou konduit abizif li-a epi li di ou se fòt ou.

Lanmou. Patnè ou di ou ke li ‘renmen’ ou. Lanmou pa ale paske li abize ou. Tout sa ke ou vle se pou abi-a fini. Ou renmen li epi ou vle rete ansanm.

Li fè pati de rèv ke ou gen yen pou ere epi pou gen yen yon fanmi ki ere. Li difisil pou bal do. Ou konnen ke sa pa movèz toutan. Ou rete paske ou te fè pwomès ak sèman lè ou te marye epi ou pa kapab kase yo.

Lajan. Ou bezwen patnè pou manje, ak kay, ak oto, epi lòt bagay fondalnatal pou viv. Ou gen timoun pou okipe. Ou panse ou pa gen yen ledikasyon ak eksperyans travay ki nesesè pou jwenn yon bon travay. Ou pa panse ou kapab sipòte tèt ou avèk timoun yo . Ou ka pakonnen ki kote pou jwenn èd.



Tikal Apresyasyon pou Tèt ou. Ou kwè ke ou merite abi-a. Li di “ou gen chans se oumenm ke mwen pran” epi “pa gen okenn lòt moun ki tap vle ou”. Tikal apresyasyon pou tèt ou oswa ti konfyans nan tèt ou ka tou ba. Kapasite pou pran desizyon pèsonèl-man nan lavi ou, kapab tou piti. Ou santi ou san sekou epi ou pran nan gonm. Ou santi pa gen lespwa pou yon lavi ak sekirite, ak lapè oswa ak lebonè.

Sa trè difisil pou konprann, paske ou kapab gen kontwòl ak travay wap fè epi ou konnen fè sa ke wap fè, nan legliz, oswa nan fè lòt bagay.

Fyète. Fanmi ou avèk zanmi ou kapab te di ou ke “li pa bon pou ou.” Ou rete avèk li kan mèm. Ou pa vle di yo ke ou fè yon erè.

CHWA AK ALTÈNATIV

Jwenn Ed. Se sèlman oumenm kika deside ki lè pou jwenn èd, ak kiès pou pale, epi akiès pou mande diferan kalite èd. Pafwa, moun ki trè janti vle ede ou nan fason ki pa toujou ede.

Ou ka vle mande èd nan men moun ou konnen deja. Se kapab yon moun nan travay ou ak nan legliz ou. Sa se desizyon ou. Gen yen yon pakèt moun ki vle ede ou ak timoun yo pou jwenn sekirite. Moun sa yo va tandem sa ke ou gen yen pou di epi yo va sipòte ou avèk desizyon ou yo.

Ou kapab jwenn èd nan yon refij kont vyolans domestik, depatman lapolis, kay doktè ou, nan lopital, depatman lasante oswa sant lasante kominotè. Drese yon lis moun ki kapab vle epi ki kapab ede ou. Ekri nimewo telefòn yo epi sere li nan pwojè sekirite ou. Ou vle pou li anba men ou.

Pi BON kote pou aprann sou chwa ki gen yen se rele yon sant kont vyolans domestik. Gen yen yon lis kote nan Eta Florid nan tiliv sa-a. Moun ki reponn telefòn nan se yon konseye kalifye epi ki konprann ki kalite brimad wap resevwa. Mande èd pa vle di se



feblès oswa echèk. Onfwa ke ou konnen chwa ke ou gen yen, ou kapab pran pibon desizyon pou oumenm ak ptit ou.

Li enpòtan pou konprann ke ale chèche konsèy avèk patnè ou pap ranje lèchoz. Poukisa? Patnè ou va kontwole sa ke wap di pou ke ou pakab onèt sou sa kap pase reyèlteman. Si ou di yon bagay “kipa kòrèk,” gen chans ke li ka tape ou lè ou soti nan biwo konseye-a. Poukisa? Paske li pè ou va di konseye-a sa kap pase nan sekrè abi lap fè ou yo.

Rete oswa Kite. Pran desizyon pou rete oswa pou kite patnè ou trè difisil. Ou gen dwa ap balanse ant vle kite avèk vle rete. Yon konseye kapab baou yon lide de sa ou kapab espere si ou ta chwazi pou rete avèk li. Ou kapab chwazi pou rete kounye-a avèk li epi pran yon ti bout tan anplis pou deside.

Sonje ke anjeneral abi-a vin pi mal avèk letan.

Sonje ke sa pa oumenm ki mande pou li fè ou abi eke pwobableman ou pa kapab fè li sispann abize ou. Se poutèt sa, ou kapab, lè yon lè rive, oblige kite li pouka gen yen yon chans pou viv ansekirite.

Ranje yon kay ansekirite pou oumenm avèk ptit ou ka parèt tankou yon rèv ki enposib. Sa difisil, men pa enposib. Ou kapab reyalize sa, pazapa pazapa. Pa kite lespwa ke petèt la va sispann abize ou anpeche ou fè sa ou gen yen pou fè pou kapab pwoteje tèt ou. Ou se pwòp ekspè nan konnen sa pou fè pou pa nwaye. Se oumenm sèl ki kapab pran desizyon si li lè ak ki lè li kòrèk pou kite li.

Chak fwa yo ede ou epi ou eseye kite, ou vin ti kras pi fò. Sa se yon wout dousman epi ki kapab pran plis ke yon sèl fwa pou kapab rive fè li tout bon. Sa-a li OK.

Anmwayèn yon viktim kite sèt fwa anvan ke li kite pou tout bon. Viktim yo konnen ke kite se yon moman ki pi danjere. Poutèt sa, li enpòtan pou jwenn èd ke ou bezwen pou pran desizyon sa-a ak anpil prekosyon.



KILÈ OUVA SANTI OU PIBYEN

Li kapab pran tan anvan ke ou santi ou ansekirite epi ou santi ou kontan ak tèt ou. Repons la se pou pa janmen dekouraje! Mande èd, rele gratis, konseye yo nan sant kont vyolans domestik yo. Ou kapab jwenn tou konsèy gratis ak gwoup ki bay sipò. Si ou kapab kite abizè w la pou tout bon, resous sa-a yo kapab ede ou. Yo va ede ou konprann kouman fè ou te tonbe nan yon relasyon abizif epi pou kisa ou te mare ladan li. Yo va aprann ou kouman pou evite retonbe nan yon lòt.

Ou pa kapab kòmanse geri laperèz, kè pa kontan ak doulè tanke oupa santi ou ansekirite.

Moun ki sòti anba vyolans domestik di nou ke yo jwenn lapè nan:

- Pran sipò ak èd nan men fanmi ak zanmi
- Apwoche kote bon
- Dye oswa pisans piwo yo gen yen
- Lapriyè ak meditasyon
- Padone
- Yon atitud ke yap gen yen pou yo naje

LALWA ETA-FLORID EDE VIKTIM YO

Vyolans domestik se yon krim. Lè lapolis resevwa yon kout tele-fòn pou vyolans domestik, yo dwe ekzamine li epi fè yon rapò. Lalwa Eta Florid ankouraje lapolis pou arête moun lè yo kapab wè ke te gen yen vyolans domestik. Apre arrestasyon fin fèt, Jij Eta Florid la kapab trennen li devan tribunal. Jij la kapab fè sa avèk èd ou oswa san èd ou oubyen konsantman ou. Poukisa? Paske vyolans domestik se yon krim. Sa kont lalwa.



FÈ PWOJÈ SEKIRITE OU

Pwojè Sekirite va ede ou pou ansekirite otan ke sa ka fèt kont abi le lendemen. Moun ki itilize pwojè sa-a yo:

- Vle kite, men bagay yo pa klè
- Pa fin asire osijè kite, men yo bezwen èd anka ke misye mande anraje
- Deja kite epi menas vyolans yo toujou la

Yon plan sekirite kapab ede ou:

- Jwenn èd nan ka emèjennsi
- Kraze rak ansekirite
- Kenbe timoun yo ansekirite
- Pran rad ou, zannimo nan kay la ak lòt bagay pèsònèl ou ansekirite

Planifye Anvan

Ou pa gen yen pou tann yon emèjennsi pou mande èd. Gade byen, li mye pou pale ak moun ki kapab ede ou anvan ke yon emèjennsi dezagreyab rive. Abi chak moun sibi ak sitiyasyon chak moun diferan. Ou pa fouti toujou konnen kilè patnè ou pral ba ou kèk kalòt.

Pwojè sekirite ta dwe planifye anvan ak èd yon konseye oswa yon defansè kont vyolans domestik. Yo konnen anpil resous. Yo kapab di ou bagay pou panse sou yo. Yo di ou bagay ke ou mata panse poukont ou. Revize epi mete ajou souvan pwojè sekirite ou. Kenbe yon plan emèjennsi pou osi lontan ke gen kontak ak patnè-a epi lontan.

Revize pwojè sekirite sa-a ak pitit ou. Pou kontakte yon defansè oswa yon konseye nan zòn lakay ou (24 trè pa jou) ou kapab rele 1-800-500-1119.



Fè Atansyon a Danje

Fè atansyon a danje ki toujou an fas ou. Si ou déjà planifie oswa ou déjà kite patnè ou, sonje ke gen chans pou misye vin pi anraje. Sa obmante piplis chans pou li fè ou mal oswa menm pou li touye ou.

Itilize Sa Ke Ou Deja Konnen

Si yo konnen fè ou abi, pwobableman ou konnen piplis osijè planifie sekirite ke ou pa panse ou konnen. Ou de ja konnen kouman pou pwoteje tèt ou ak timoun yo lè ou konnen ki sa pou di oswa pou fè epi kisa pou pa di oswa pou pa fè. Sa sete fason ou gade danje epi trase yon plan sekirite. Pwobableman ou fè sa toutan.

Plan sekirite sa-a genyen piplis detay ak bagay pou panse. Pa gen yen yon bon oswa yon move fason pou bati yon plan sekirite. Ekzamine bagay sou lis sa-a ke ou dakò avèk. Oubyen, ou kapab chanje li. Aksepte li kòm plan ou. Revize li souvan. Fè chanjman jan ou bezwen.

Kenbe Pwojè Sekirite ou yon Kote Asire

Fè plizyè kopi. Jwenn yon kote asire pou sere yo kote patnè ou pap jwenn yo. Ou kapab kenbe yon kopi nan travay, avèk zannmi, avèk yon vwazen epi avèk yon manm nan fanmi ou. Asire ou ke ou lese kopi yo sèlman avèk moun ou fè konfyans epi ki pap di patnè ou osijè sa. Eseye pou wè si ou kapab toujou kenbe yon kopi tou pre ou.

PLANIFYE ANVAN

Dis bagay pou mete nan bon plan sekirite:

1. Kòman pou chape poul ou—si gen yen yon emèjennsi
2. Kòman pou jwenn èd—si kite se pa yon chwa
3. Kote pou ale—si ou lese



4. Kòman pou ansekirite yon nouvo kote
5. Kòman pou rete an kontak ak moun ki va ede ou
6. Kòman pou vire won—otomobil ou, fanmi ou, zanmi ou
7. Kenbe timoun ou ak zannimo ou an sekirite
8. Pwoteje “sa ki pou ou”
9. Sekirite nan travay & nan lari
10. Devine kilè patnè ou prè pou fè abi epi toupre pou fè sa ou bezwen fè pou jwenn sekirite

Prepare epi sere yon valiz pou kraze rak. Valiz sa-a ta dwe gen yen sa ke ou pi bezwen oubyen bagay ki difisil pou ranplase. Kache valiz sa-a lakay yon moun ou fè konfyans ki pap di patnè ou. Asire ou ke ou ka ale pran li ansekirite oka outa gen yen pou kite kay la brid sou kou. Ou ka lage li nan men yon moun kap travay memm kote ak ou, yon moun nan legliz ou oswa yon zanmi patnè ou pa konnen.

- Lajan soukote
- Kat didantite: lisans chofè, paspò, kat rezidans, pèmi travay
- Ak denesans ou ak ptit ou*
- Kat Sekirite Sosyal ou & ptit ou*
- Kanè chèk, kanè bank, kat ATM, kat kredi yo
- Kle soukote: kay, otomobil, depo
- Medikaman—preskripsiyon ak sou kontwa, kopi preskripsiyon yo, anka bezwen*
- Kanè adrès, nimewo telefòn enpòtan*
- Kat anrejistreman otomobil*
- Papye otomobil, lasante, asirans lavi*



- Dosye lekòl & medikal*
- Kat Medikèd oubyen Koupon Pwovizyon Alimantè*
- Papye divòs, dwa pou kenbe timoun, lòd tribinal (pou li kanpe lwen)*
- Kopi tout bòdwo fanmi-an*
- Kontra afèmaj, lwaye oswa dokiman kay*
- Kanè pèyman otomobil oswa ipotèk
- Prèv lajan kap antre (souch chèk)* epi yon foto idandite tounèf patnè-a
- Enfòmasyon sou otomobil/kamyon patnè ou: mak/modèl, ane, koulè, nimewo plak
- Kat long distans-deja peye
- Kat vizit lakay
- Youn oswa de rad derechanj
- Zafè pèsonèl: bwòs-a-dan, tanpon, eksetera
- Jwèt, liv, ak dra timoun yo pi renmen
- Zafè pèsonèl espesyal: foto, bijou, souveni
- Foto tounèf timoun yo

**Si patnè ou remake bagay sa-a yo disparèt, li ka panse wap eseye fè je chèch ak li. Li ka panse wap eseye kite li san ke li pa konnen sa. Sa kapab mete ou plis andanje. Li ta ka bon ke ou fè kopi papye orijinal yo epi kenbe kopi yo sèlman.*

MEN PLAN AKSYON MWEN

Lis Bagay Mwen Kapab Fè:

- Rele pwogram kont vyolans domestik pou edem prepare plan sekiritem. Nimewo telefòn: _____.



- Kenbe nimewo enpòtan ak monnen soumwen toutan pou fè kout telefòn.
- Pran yon bwat postal pou ke patnè mwen pa wè lèt mwen nan kay la. Ale ladan li senpman lè gen anpil moun nan lari-a lè gen anpil sekirite. Kote pou ale: _____.
- Ouvri yon kanè chèk labank sou non mwen nan: _____.
- Fè yon plan chape poul nan kay la epi antrene li ak timoun yo. Lè mwen panse misye sou fè abi, eseye rete lwen chanm kote mwen paka sòti, tankou chanm deben. Epi tou, eseye rete andeyò chanm ki gen ladan yo bagay li kapab itilize pou fèm mal tankou lakizin ak nan garaj.
- Aprann pitit mwen :
 1. Kilè ak kòman pou rele 9-1-1
 2. Kote pou ale pou jwenn sekirite ak èd lè abi nanwout oswa abi ap fèt.
- Lese yon moun konnen ke abi nan wout.
Rele: _____ oubyen _____.
- Kenbe bous mwen ak kle machin mwen toupre pou mwen chape poul mwen. Mete yo: _____.
- Di vwazen yo osijè abi-a epi pou rele 9-1-1 si yo wè oswa tandé gen batay oswa si timoun yo ale jwenn yo pou èd.
- Itilize jijman mwen ak konprann mwen. Si bagay yo ap pase mal, mwen kapab bay patnè-a sa li vle-a pou mwen kapab kalme li.
- Ki pi bon jou ak lè pou mwen kite:
Kote mwen kapab rete: _____ epi
_____.
- Kòman mwen ape rive la: _____.
- Kòman map fè pran timoun yo: _____.
- Kiès ki va ede mwen: _____ epi
_____.



Kisa mwen va fè si patnè mwen fèm sipriz: _____.

- Chanje seri nan pòt ak fenèt yo epi gen asirans ke yo anfòm. Ajoute lòt seri, bawo nan fenèt, boutfè pa andedan pou anpeche rale pòt, etsetera era.
- Ranplase pòt anbwa pou pòt anfè.
- Jwenn yon ti lechèl pou chape poul nan fenèt dezyèm etaj.
- Pran nan telefòn mwen idandite moun kap rele, aranje poum bloke kout fil, oswa jwen yon aparèy nan telefòn kap di mwen ki moun ki rele. Tepe kout fil li fè lèli pa sipoze rele mwen.
- Si mwen demenaje, mete lwaye-a, telefòn, ak itilite yo sou non yon lòt moun.
- Aprann pitit mwen:
 1. Kòman pou reponn nan pòt la oswa nan telefòn si se abizè-a
 2. Kiès yo ka rele, ale ansanm, epi retounen soti nan lekòl ak lòt aktivite ansanm
 3. Kòman pou yo itilize telefòn pou fè yon kout telefòn kòlèk si kè yo ape sote osijè sekirite yo
- Aranje pou moun pran timoun yo pou mwen si mwen pa disponib. Di moun ki pran swen pitit mwen ki moun ki gen pèmisyon pou vin chèche yo.
- Bay moun ki pran swen pitit mwen kopi dwa mwen pou kenbe yo ak kopi lòd kanpe lwen tribinal, avèk tou nimewo emèjennsi yo.
- Di lekòl oswa moun kap pran swen pitit mwen pou rele 9-1-1 si yo remake patnè mwen ap fè menas oswa ap aji fason etranj.
- Chanje nimewo telefòn mwen. Pran yon lòt nimewo telefòn ki pa pibliye.
- Jwenn yon lòt moun pou ale remèt epi ale chèche pitit mwen si yon jij pase lòd pou gen vizit.



Lòd pou kanpe lwen:

1. Pran yon lòd tribinal (rekòmandasyon oswa pwoteksyon)
2. Fè plizyè kopi epi kenbe li diferan kote. Toujou kenbe li sou ou oswa tou pre ou.
3. Distribye kopi bay mèt travay mwen, legliz mwen, zanmi mwen, nan lekòl pitit mwen ak nan gadri pitit mwen epi
4. Si patnè mwen detui lòd la oswa si mwen pèdi li, mwen kapab gen yen yon lòt kopi nan tribinal ki te ban mwen li-a.
5. Si patnè mwen dezobei lòd la, mwen ka rele lapolis epi rapòte ke li fè sa.
6. Mwen kapab rele yon pwogram kont vyolans domestik si mwen gen yen keksyon sou kòman pou aplike yon lòd tribinal oswa si mwen gen yen pwoblèm nan fè respekte lòd sa-a.

Si yo pa nan plan piwo-a, mete sa-a yo nan Plan Sekirite mwen:

- Kout telefòn oswa vizit endezirab abizè-a lakay: _____.
- Kout telefòn oswa vizit endezirab abizè-a nan travay: _____.
- Kout telefòn oswa vizit endezirab abizè-a nan lekòl: _____.
- Menas anpiblik, espesyalman nan otomobil oswa nan estasyon otomobil: _____.
- Abizè parèt nan aktivite tankou legliz, konsè, fèt ak fanmi oswa zanmi: mache dèyè mwen (si abizè-a te fè sa anvan)
- Abizè-a kontakte fanmi mwen ak zanmi mwen
- Zanmi oswa fanmi abizè-a kontakte mwen

Preparasyon nan Travay ak nan Lari

- Enfòme mèt travay mwen, sipèvizè sekirite-a ak pwogram èd pou anplwaye, si li disponib, osijè sitiyasyon mwen.



- Bay sekirite-a yon foto tounèf patnè mwen epi ak yon kopi lòd tribinal la
- Deplase biwo mwen oswa estasyon travay mwen nan yon kote prive
- Mande pou ke gen yon moun ekzamine kout telefòn nan travay mwen: _____.
- Mande pou yon moun veye pou mwen: _____.
- Prepare yon plan emèjennsi nan travay oka ke li parèt: Prepare yon wout pou kouri: _____.

- Planifye yon fason pou ale epi pou kite travay chak jou.
- Chanje routin mwen.
- Mande sekirite oswa yon moun nan travay la pou ale nan otomobil mwen avèk mwen.
- Si gen yen tètchaje lèm prale ak lè map retounen nan travay, mwen kapab: _____.
- Chanje fason mwen fè lèchoz—rete lwen boutik, labank, kay doktè, epi _____, tout kote patnè mwen kapab jwenn mwen.

Pran Swen Pwòp Tèt Mwen

- Mwen santi mwen kagou, poukont mwen oswa tètbouye, mwen kapab rele _____ oswa nimewo gratis emèjennsi vyolans domestik nan 1-800-500-1119 pou èd.
- Si mwen lese patnè mwen epi map konsidere pou mwen retounen, mwen va rele _____ oswa pase titan avèk anvan ke mwen pran yon desizyon.
- Fè tèt mwen sonje chak jou ki meyè kalite ke mwen gen yen. Men yo _____ epi _____.



- Al patisipe nan gwoup kap bay sipò, konsèy oswa travay atelye nan pwogram lokal kont vyolans domestik oswa _____, pou mwen kapab bati yon sistèm sipò, aprann fè kèk travay oswa pran enfòmasyon.
- Veye kòman ak kilè mwen bwè alkòl oswa itilize lòt dwòg. Mwen pral bwè oswa itilize lòt dwòg, ma va fè sa yon kote moun va asire yo ke mwen rete ansekirite
- Pran swen lasante mwen lè male kay doktè lè mwen bezwen. Nimewo telefòn doktè mwen se: _____.
- Vire won akote moun ki pozitif epi evite moun ki negatif.
- Konprann ke mwen pa responsab pou lasante ak lebonè patnè mwen.

KONSIDERASYON ESPESYAL SI MWEN APE VIV ANDEYÒ LAVIL:

- ILi parèt nòmal ke yo konnen abizè-a ni mwen menm tou. Ki moun mwen kapab fè konfyans ki pap pataje enfòmasyon ak abizè-a? _____.
- Eske li posib poum pran transpòtasyon ke yo pap rekonèt fasil-man? _____.
- Si mwen itilize yon plan kraze rak, èske yon otomobil/kamyon ki chaje va atire atansyon pou yon moun kouri al di abizè-a? Eske mwen kapab chape poul mwen san moun pa swiv mwen? _____.
- Eske li posib pou resevwa sèvis ansekirite oswa konfidansyèl tou pre lakay? _____. Si sa pa posib, ale nan yon lòt eta oswa vil pou èd. Telefòn ijans abi kapab ede mwen 1-800-500-1119.
- Eske li posib pou demenaje epi pou jwenn sekirite nan kominate lokal la? Lwaye? Viv ak fanmi? Jwenn yon travay “ansekirite”? _____.



(Yon pati nan Pwojè Sekirite-a sòti nan Kowalisyon Kont Vyolans Domestik nan Eta-Florid epi tou ak Detachman Espesyal Gouvènè Eta-Florid kont Vyolans Domestik)

RESOUS

Sant Sèvis kont Vyolans Domestik Pwogram lokal kont vyolans domestik se resous pou sove lavi ki ba ou ak ptit ou èd prive epi gratis ticheri. Pwogram sa-a yo gen yen defansè viktim ki konnen sa ki vyolans domestik epi ki kapab ede ou fè pwojè pou landemen ou.

Eta-Florid gen yen 38 refij oswa pwogram ki gen lisans. Yo rele yo tou sant oswa refij kont vyolans domestik oubyen kont fanm yap fè abi. Yo kapab ede ou plizyè fason.

- Yon kote ansekirite pou rete, anjeneral nan yon kay, pandan wap repoze ou, yap bay yon kout men epi wap reprann fòs ou. Viv ak yon abizè rann ou fatige. Sa kraze kò ou. Ale nan yon refij ba ou yon chans pou panse pi klèman epi pran kèk desizyon pandan ke wap viv yon kote ansekirite.
- 24-trè telefòn emèjennsi pou ede
- Konsèy ak sipò emosyonèl
- Ede w ak Pwojè Sekirite ou
- Gwoup ki bay sipò
- Konsè ak rekòmandasyon
- Ed pou jwenn yon lòd nan tribinal. Yo fè lòd sa-a lè ou ale nan yon tribinal epi ou mande yon jij pou li ekri yon lòd pou patnè kanpe lwen ou lakay oswa nan biwo. Fason sa-a sil vin pre ou, yo kapab arète li.
- Ed pou si ou bezwen ale nan tribinal.
- Ed pou transpòtasyon, manje, rad, travay epi jwenn yon kote pou rete. Swen medical, si gen bezwen sa.



Kowalisyon Kont Vyolans Domestik nan Eta-Florid Kowalisyon
Kont Vyolans Domestik nan Eta-Florid la se yon òganizasyon ki
sipòte 38 refij nan Eta-Florid yo. Yo okipe yo de telefòn ijans 24-
trè-a, ede ak lalwa pou bay viktим yo piplis pwoteksyon, epi bay
kominote ak pwofesyonèl ki travay ak viktим vyolans domestik
antrènman.

308 E. Park Avenue, Suite 201-213

Tallahassee, FL 32301

Telefòn administrasyon: (850) 425-2749

FAX: (850) 425-3091

Telefòn gratis: 1-800-621-4202

**Nimewo Telefòn-Gratis
Emèjennsi
Vyolans Domestik**

1-800-500-1119

*Ed Ijans nan Telefòn
24 trè chak jou epi tout 7 jou lasenmenn*



Sant ki gen Sètifika Vyolans Domestik nan Eta-Florid	Dawn Center of Hernando County Brooksville} (352) 799-0657
Abuse Counseling & Treatment, Inc. Ft. Myers (941) 939-3112	Domestic Abuse Council, Inc. Daytona Beach (352) 255-2102
Aid to Victims of Domestic Assault Delray Beach (561) 265-2900 (800) 355-8547	DeLand (352) 738-4080
Another Way, Inc. Chiefland 1-888-453-0747	Domestic Abuse Shelter Marathon Shores (low keys) (305) 294-0824 (mid keys) (305) 743-4440 (upper keys)(305) 852-6222
C.A.R.E. of Charlotte County, Inc. Punta Gorda (941) 627-6000	Family Life Center/SafeHouse Women's Center Bunnell (386) 437-3505
CASA St. Petersburg (727) 898-3671	FavorHouse of NW Florida, Inc. Pensacola (850) 434-6600
Citrus County Abuse Shelter Assn. Inverness (352) 344-8111	Harbor House Orlando (407) 886-2856
	Haven of Lake and Sumter Counties Leesburg (352) 748-5069



Help Now of Osceola County
Kissimmee
(407) 847-8562

Hope Family Services, Inc.
Bradenton
(941) 755-6805

Hubbard House
Jacksonville
(904) 354-3114

Martha's House
Okeechobee
(863) 763-0202

Metro-Dade Advocates
for Victims
Safespace (North)
Miami
(305) 758-2546
(Homestead) (305) 247-4249

Ocala Rape Crisis-Spouse
Abuse Center
Ocala
(352) 622-8495

Peaceful Paths
Gainesville
(352) 377 8255
1-800-393-7233

PRC – Domestic Violence
Shelter
Lakeland
(863) 413-2707

Sebring
(863) 386-1167

Quigley House, Inc.
Orange Park
1-800-339-5017 or 284-0061

Refuge House, Inc.
Tallahassee
(850) 681-2111

Safe House of Seminole
Sanford
(407) 330-3933

SafeSpace Domestic Violence,
Svcs.
Ft Pierce
1-800-728-1609|
Stuart: (561) 288-7023
Vero Beach: (561) 569-7233

Safety Shelter of St John's
County
(dba Betty Griffin House)
St Augustine
(904) 824-1555



Salvation Army
Domestic Violence Program
Panama City
1-800-252-2597

Salvation Army
Domestic Violence Shelter
Cocoa
(321) 631-2764

Salvation Army Domestic
Violence Program of
West Pasco
Hudson
(727) 856-5797

Serene Harbor, Inc.
Palm Bay
(321) 726-8282

Shelter for Abused Women
Naples
(941) 775-1101

Shelter House, Inc.
Ft Walton Beach
(850) 863-4777

SPARCC
Sarasota
(941) 365-1976

Sunrise of Pasco County, Inc.
Dade City
(352) 521-3120

The Haven of R.C.S.
Clearwater
(727) 442-4128
Outreach (727) 441-2029

The Spring of Tampa Bay
Tampa
(813) 247-7233

Women in Distress/Broward
County
Ft Lauderdale
(954) 761-1133

YWCA Harmony House
West Palm Beach
(561) 655-6106



Kote sou Entènèt:

Kowalisyon Kont Vyolans Domestik nan Eta-Florid

www.fcadv.org

Kowalisyon Nasyonal Kont Vyolans Domestik www.ncadv.org

Fon Prevansyon Vyolans nan Lafanmi www.fvpf.org

Depatman Lajistis Meriken—Biwo Fanm Kont Vyolans

www.ojp.usdoj.gov/vawo

Si ou ta vle piplis enfòmasyon sou tiliv sa-a, silvouplè kontakte:

Sèvis Lasante pou Lafanmi

Depatman Lasante nan Eta-Florid

(850) 245-4100

LESPWA POU DEMEN

Fè lekti tiliv sa-a se premye pa nan ede pwòp tèt ou. Bagay yo gen dwa difisil epi ou kapab gen yen pou mache anpil pou rive. Sonje ke ou pa pou kont ou. Gen yen anpil moun ki enterese a oumenm epi ki la pou ede ou. Nou vle ke ou gen yen yon lavi avèk lapè ansanm ak lalibète byen lwen moun kap fè abi. Ou merite pou ere epi pou yo trete ou ak respè.

Li enpòtan pou konprann ke ou pa dwe toujou se viktim, ou kapab naje. Gen yen anpil moun ki chape poul yo anba vyolans domestik epi ki jwenn lebonè ak lasekirite nan lavi yo. Sa-a posib.

Ou gen anpil chwa. Ou se yon moun ki solid epi ki gen lafòs. Ou ka fè sa ou bezwen fè!

Nimewo Telefòn Emèjennsi Vyolans Domestik
1-800-500-1119

**Depatman Lasante nan Eta-Florid
Sèvis Lasante Matènèl ak Timoun**

DH 150-620, 6/01
Stock Number: 5730-620-0150-5